



Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 14 NOUVO SIT #VAXTOSCHOOL

*Gen 165 sit ke yo etabli jiska dat*

*Yo pral kontinye anonse nouvo sit yo chak semèn sou yon peryòd 12 semèn pou ogmante to vaksinasyon an pami Nouyòkè ki gen laj pou ale ekòl yo*

*Lis konplè sit yo ke yo mete ajou chak semèn [isit la](#)*

*Imaj bis #VaxtoSchool yo disponib [isit la](#)*

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse 14 nouvo sit vaksinasyon tanporè #VaxtoSchool pou ogmante to vaksinasyon pami Nouyòkè ki gen laj pou ale lekòl yo. 21 septanm nan, Gouvènè Hochul te anonse yon total 120 sit pral etabli sou yon peryòd 12 semèn nan tout eta a epi jiskaprezan, gen 165 sit ki deja etabli - sa ki byen lwen depase objektif sa a. Depatman Sante a (Department of Health, DOH) ap travay avèk depatman sante lokal konte yo, òganizasyon kominotè yo, ak sant swen sante yo pou bay sipò lojistik pou tabli sit sa yo nan tout rejyon yo nan eta a. Patnè yo, sit òganizatè yo ak efò sansibilizasyon yo pral pèsonalize pou kominote yo kreye pou sèvi yo. Nouvo lokal yo etabli sou yon baz kontinyèl nan patenarya avèk lokalite yo.

"Pandan n ap kontinye goumen kont efè pèsistan pandemi COVID-19 la, vaksen an rete zouti ki pi efikas nou genyen pou retounen nan nòmal," **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Nou kontinye efò nou yo pou pote vaksen an dirèkteman pou jèn moun yo atravè pwogram #VaxToSchool la. Nou deja depase objektif 120 sit nou an nan 12 semèn, epi n ap kontinye apiye pwogrè sa pou asire ke nou ka kenbe timoun nou yo an sekirite kont viris la."

Yon pwofesyonèl medikal kominotè ap disponib nan chak sit pou reponn nenpòt kesyon paran ak responsab yo ta genyen konsènan Nouyòkè yo a ki nan laj pou lekòl. Kòm yon lòt mwayen pou ankouraje vaksinasyon ak asire aksè atravè kominote New York yo, [bis #VaxtoSchool yo](#)—efò vaksinasyon mobil yo—ap lanse nan zòn konvenab, ki santre sou jèn ak lekòl nan tout eta a. Semèn sa, bis #VaxtoSchool la ap nan sit Sant Sandy Creek ak Odessa-Montour Central School ak Distri Bradford Central School nan nan rejyon Southern Tier.

Anons sa a chita sou angajman Eta New York pou rann sante ak byennèt elèv, pwofesè ak fanmi yo yon priyorite prensipal.

Jou fonksyònman yo pou chak nan sit vaksinasyon tanporè #VaxtoSchool pou Nouyòkè ki nan laj pou lekòl yo anba a. Lis konplè sit #VaxtoSchool yo disponib [isit la](#) epi pral mete ajou chak semèn sou yon peryòd 12 semèn pou ajoute nouvo sit yo lè yo anonse. Nouvo lokal yo etabli sou yon baz kontinyèl epi plis sit yo anonse chak semèn sou peryòd 12 semèn lan.

### **CENTRAL NEW YORK**

Pulaski Junior/Senior High School

4624 Salina Street

Pulaski, NY 13142

Ouvri: Vandredi 12 novanm; 2:00 pm - 5:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

Patnè Evènman: ConnnextCare

Enskri

nan: <https://apps2.health.ny.gov/doh2/applinks/cdmspr/2/counties?OpID=CF6962F14B1C023AE0530A6C7C15D885>

**Laj 12 an e+**

### **NORTH COUNTRY**

Depatman Sante nan Konte Essex

132 Water Street

Elizabethtown, NY 12932

Ouvri: Vandredi 12 novanm; 10:00am-2:00pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

Pou enskri: <https://www.co.essex.ny.us/Health/make-an-appointment/>

Patnè Evènman: Konte Essex

Ankourajman: Kat Kado Amazon

**Laj 12 an e+**

### **SOUTHERN TIER**

Johnson City High School; pou manm Johnson City High School sèlman

666 Reynolds Road

Johnson City, NY 13790

Ouvri: Madi 12 oktòb; 2:45 pm - 4:30 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Janssen/J&J

Patnè Evènman: Konte Broome

**Laj 12 an e+**

### **CENTRAL NEW YORK**

Mexico High School

3338 Main Street

Mexico, NY 13114

Ouvri: Vandredi 12 novanm; 2:00 pm - 5:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

Patnè Evènman: ConnnextCare

Enskri nan:

<https://apps2.health.ny.gov/doh2/applinks/cdmspr/2/counties?OpID=CF5C674D69770180E0530A6C7C165DAD>

**Laj 12 an e+**

### **NORTH COUNTRY**

St. Lawrence University

Leithead Fieldhouse

100 Park Street

Canton, NY 13617

Ouvri: Samdi 13 novanm; 9:00 am - 4:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

Patnè Evènman: Konte St. Lawrence ak St. Lawrence University

Enskri: [isit la](#)

**Laj 5-11 an ak 12 an e+**

### **MID-HUDSON**

Rye High/Middle School - Middle School Gym

3 Parsons Street

Rye, NY 10580

Ouvri: Samdi 13 novanm; 9:00 am - 12:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

Patnè Evènman: Konte Westchester

**Laj 12 an e+**

### **FINGER LAKES**

The Vineyard Farm and Outdoor Center for Excellence

126 Sander Street

Rochester, NY 14605

Ouvri: Samdi 13 novanm; 1:00 pm - 5:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Janssen/J&J

Patnè Evènman: The Vineyard Farm and Outdoor Center for Excellence

Ankourajman: Kat Kado Amazon

**Laj 12 an e+**

### **SOUTHERN TIER**

Odessa-Montour Central School

300 College Avenue

Odessa, NY 14869

Ouvri: Samdi 13 novanm; 9:00 am - 12:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Moderna

Patnè Evènman: Konte Schuyler

Ankourajman: Kat Kado Tops ak Amazon

**Laj 12 an e+**

**SOUTHERN TIER**

Bradford Central School District

2820 NY-226

Bradford, NY 14815

Ouvri: Samdi 13 novanm; 1:00 pm - 4:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Moderna

Patnè Evènman: Konte Schuyler

Ankourajman: Kat Kado Tops ak Amazon

**Laj 12 an e+**

**MID-HUDSON**

Ellenville High School

28 Maple Avenue

Ellenville, NY 12428

Ouvri: Samdi 13 novanm; 10:00 am - 5:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

Patnè Evènman: Konte Ulster

**Laj 12 an e+**

**NEW YORK CITY**

Christ Missionary Baptist Church

11 Sumpter Street

Brooklyn NY 11233

Ouvri: Samdi 13 novanm; 10:00 am - 2:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Janssen/J&J

Patnè Evènman: National Association of Black Churches (Asosyasyon Nasyonal Legliz

Moun Nwa yo)

**Laj 12 an e+**

**SOUTHERN TIER**

Watkins Glen Central School

301 12th Street

Watkins Glen, NY 14891

Ouvri: Dimanch 14 novanm; 10:00 am - 1:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech ak Moderna

Patnè Evènman: Konte Schuyler

Ankourajman: Kat Kado Tops ak Amazon

**Laj 12 an e+**

**MID-HUDSON**

Highland High School

320 Pancake Hollow Road

Highland, NY 12528

Ouvri: Dimanch 14 novanm; 10:00 am - 5:00 pm

Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech

Patnè Evènman: Konte Ulster  
**Laj 12 an e+**

**MID-HUDSON**

Palisades Center  
1000 Palisades Center Drive  
West Nyack, NY 10994  
Ouvri: Dimanch 14 novanm; 1:00 pm - 3:00 pm  
Kalite vaksen: Pfizer-BioNTech  
Patnè Evènman: Konte Rockland  
**Laj 12 an e+**

Timoun ki gen 12 a 17 ane yo kapab pran vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech, ki disponib anba Otorizasyon pou Itilizasyon Ijans pou timoun ki gen 12 a 15 ane epi li apwouve konplètman pou sila yo ki gen 16 ane ak plis. Lòt vaksen COVID-19 yo poko otorize oswa apwouve pou gwoup laj sa a. Si ou se yon paran oswa responsab yon Nouyòkè ki nan laj pou lekòl, ou kapab ale tou sou [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye kòd postal ou nan mesaj bay 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon sit vaksen ki pi pre ou. Asire founisè a ofri vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la.

Pou aprann plis sou vaksen COVID-19 la ak timoun ki gen pou laj lekòl yo, Nouyòkè yo ka vizite sit entènèt dedye nou an [ny.gov/vaxtoschool](https://ny.gov/vaxtoschool) oswa swiv [@VaccinateNY](https://www.instagram.com/VaccinateNY) sou Instagram.

Amwenke sa note, sit san randevou #VaxtoSchool eta yo konsantre aktyèlman sou vaksinasyon moun 12 - 17-an. Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [ny.gov/vaxforkids](https://ny.gov/vaxforkids), [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo.

Nou ankouraje paran ak responsab yo pou asire ke timoun yo ajou pou tout vaksinasyon ki rekòmande epi obligatwa. Ale sou [sitwèb Depatman Sante](https://www.ny.gov/department-of-health) pou plis enfòmasyon sou vaksinasyon ki rekòmande pou timoun ak adolesan.

###

Lòt nouvèl ki disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418